Debbie Battles
Principal
Maureen Grosvenor
Assistant Principal

Kontra Lekòl-Paran Tit I 2026–2027: Dwight D. Eisenhower K-8

Fakilte, anplwaye, paran, ak elèv Dwight D. Eisenhower K-8 dakò pou yo swiv kontra sa a ki dekri kijan nou pral pataje responsablite pou amelyore siksè akademik elèv yo. Kontra sa a eksplike kijan lekòl la ak paran yo pral bati epi devlope yon patenarya solid pou ede tout elèv rive atenn nivo akademik segondè Leta egzije yo.

Tanpri revize Kontra Lekòl-Paran sa a ansanm ak pitit ou, siyen li, epi retounen pati anba a nan lekòl la anvan 14 out 2026 (oswa anvan fen premye semèn nan pou elèv ki fèk antre nan lekòl la).

Angajman ak Responsablite Lekòl la

Antanke lekòl, nou pran angajman pou nou bay:

- Yon anviwonman aprantisaj ki gen kalite siperyè ak efikas ki ankouraje sekirite, koneksyon, ak rezolisyon pwoblèm pou TOUT elèv pou yo ka satisfè estanda siksè akademik Leta a.
- Enstriksyon akademik ki baze sou done elèv yo ak egzijans Leta a.
- Yon aparèy elektwonik pou chak elèv pou bezwen aprantisaj ak evalyasyon yo.
- Kominikasyon regilye atravè bilten enfòmasyon, rapò, imèl, ajanda, katab pou pote lakay, ak aplikasyon RCA.
- Opòtinite pou paran yo patisipe kòm volontè ak nan aktivite nan klas oswa nan evènman lekòl la.
- Lide ak resous pou ede paran yo sipòte pitit yo lakay yo.
- Yon relasyon kote gen respè youn pou lòt ant elèv, paran, pwofesè, volontè, ak kominote a.
- Opòtinite kontinyèl pou kolaborasyon nan pran desizyon pou paran yo (pa egzanp: konferans, reyinyon SAC, ak reyinyon PTO).

Angajman ak Responsablite Paran yo

Antanke paran, mwen pran angajman pou:

- **Mwen pral** rantre nan aplikasyon RCA epi kontwole li regilyèman.
- **Mwen pral** enskri epi kontwole pwogrè pitit mwen nan "SIS Parent Gateway" (Portal pou Paran).
- **Mwen pral** asire pitit mwen rive lekòl alè chak jou, paske mwen konnen enstriksyon yo kòmanse a **8:00 am** (dejene sèvi a 7:30 am), epi mwen pral kominike ak pwofesè a si pitit mwen malad.
- **Mwen pral** sipòte aprantisaj pitit mwen lè mwen ankouraje li li chak jou, bay yon lè ak yon espas fiks pou li fè devwa li, epi ede li lè sa nesesè.
- **Mwen pral** asire li gen tout materyèl li bezwen epi li pare pou aprann chak jou, sa enkli pran swen aparèy elektwonik lekòl la kòmsadwa lè li sèvi avè l lakay li.
- **Mwen pral** kreye yon atmosfè pozitif pou aprantisaj epi gen konvèsasyon ankourajan ak pitit mwen sou pwogrè li ak objektif li yo.
- **Mwen pral** patisipe nan desizyon ki konsène edikasyon pitit mwen nan kad yon relasyon ki baze sou respè ak anplwaye lekòl la.
- **Mwen pral** sipòte edikasyon pitit mwen nan kominike ak pwofesè yo regilyèman, fè volontè, epi patisipe nan evènman lekòl, atelye, ak konferans chak fwa sa posib.
- **Mwen pral** asire pitit mwen abiye kòmsadwa pou l "Dressed for Success" (Abiye pou Siksè) chak jou dapre kòd abiman SAC apwouve a.

Angajman ak Responsablite Elèv yo

Antanke elèv, mwen pran angajman pou:

- Mwen pral sèvi ak konpetans ak estrateji yo montre mwen pou m rete an sekirite, konekte ak lòt moun, ak pare pou m aprann pandan m ap swiv Kòd Kondit Distri a, règleman konpòtman lekòl la, ak enstriksyon pwofesè m yo.
- Mwen pral fè tout devwa mwen.
- Mwen pral poze keksyon lè mwen pa konprann yon leson oswa yon travay yo ban mwen.
- Mwen pral fè bon chwa tankou: peye atansyon nan klas, konsantre sou travay mwen, bay pi bon rannman mwen, epi travay di nan leson mwen.
- Mwen pral respekte espas lekòl la epi pran swen materyèl yo, espesyalman aparèy elektwonik mwen an.
- Mwen pral "Dress for Success" (Abiye pou Siksè) chak jou.

Tanpri retounen pati siyen sa a bay pwofesè pitit ou a anvan 14 out 2026 (pou nouvo elèv: anvan fen premye semèn lekòl la).

Mwen konfime mwen revize Kontra Lekòl-Paran 2026-2027 pou Dwight D. Eisenhower K-8 la ansanm ak pitit mwen.

Siyati Paran/Gadyen: _____ Dat: _____

Non Elèv la (Ekri an lèt detache): _____ Klas: _____

Non Pwofesè Titulè a: _____

Kòmantè (Comments):

Nòt pou Pwofesè Titulè a: Tanpri kenbe pati sa a nan achiv ou epi sèvi avè l kòm referans pandan konferans ak paran yo.